


Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 40-41 (7181) 5 октябрь Итни 2015 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ




## ХIурматиял, хараби!

Щибаб соналъул октябралъул авалалда нилъер улкаялда к1одо гьабула ригь арал гIадамазул-харабазул къо. Гьел мустахIикъал руго КIудияб ватIанияб рагъулъ, улкаялъул чIунтун букIараб магIишат рукIалиде ккезабиялъулъ, гIун бачIунеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялъулъ, жамгIияб гIумроялъулъ лъураб жигараб бутIаялъе гIоло бетIер къулун хIурмат гьабизе, кидагосеб тIалаб-агъазалъеги. Нилъер районалда дагъал гьечIо жидерго бахIарчияб захIматалдалъун район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIезабиялъулъ жидерго мустахIикъаб бутIа лъурал гIадамал.

РакI-ракIалъ гьарула районалъул киналго харабазе, гьезул хъизамазе щулияб сахлъи, рохел ва талихI.

## Учительзабазул къогун

РакI-ракIалъ баркула районалъул киналго учительзабазда учителасул къо. Учитель. Гьеб рагIул магIна бичIчIуларев чи ракьалда цониги ватиларо. Гьев ккола нилъер улкаялъул тIолабго обществалъул чIухIилъун. Учителасул тIадчIараб творчествалъулаб сабруяб хIалтIуца квербакъула жамгIияталъул рухIиял бечелъаби гьарза гьаризе, ВатIаналъул гуч буголъи борхизабизе.

Жакъасеб байрам ккола гIун бачIунеб гIелалъе тарбия ва лъай кьеялъул жавабияб масъала жидеда тIаде кколев учителасул жавабияб ва бигьаяб гуреб захIматалъул хIурмат гьабилъун. Жидедаго цебе чIараб масъалаги гIумроялде бахъинабизелъун тIолабго къуватги кIварги буссинабун жигаралда хIалтIулел руго нилъер районалъул лъай кьеялъул хIалтIухъаби.

Лъай кьеялъул бутIаялда хIалтIулел киназдаго профессионалияб байрам баркулаго жакъа гьарула нужер щивасе рокъоб хъизамалда талихI-рохел, чорхое щулияб сахлъи, хIалтIулъ бергьенлъаби ва цебетIей.

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**Райадминистрациялъул бетIерасул ишал т1уралев.**

## Районалъул юбилеялъул суалгун



Унсоколо район гIуцIаралдаса 80 сон тIубаялъул праздникалде хIадурлъи унеб бугеб куцалъул хIакъалъулъсуалгьоркьорлъуралдандельабигIемер тIоритIула районалъул администрациялда. Гьединаб иргадулаб данделъи тIобитIана Шамильхъалаялда райадминистрациялъул данделъабазул залалда 29 сентябралда. Районалъул юбилеялде хIадурлъиялъул хIакъалъулъ суалал дандразе ракIарун рукIана тIолабго гIуцIиялъул комитеталъул состав, администрациялъул бетIерасул заместителал, районалъул учреждениязул, организациязул жавабиял хIалтIухъаби. Данделъи рагьарав районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIиса НурмухIамадовас къокъго бицана юбилеялде хIадурлъиялъул хIакъалъулъ. Гьоркьоб лъураб суалалдасан кIалъазе вахъана районалъул администрациялъул культураялъул управлениялъул нач. – гIуцIиялъул комитеталъул председателасул заместитель ХI. МухIамадов.

Жиндирго кIалъаялда ХI. МухIамадовас данделъаразда рагIа-ракьанде щун бицана юбилеялда хурхун тIоритIизе ругел тадбиразул хIакъалъулъ, гьелда хурхун кибехун щиб гьабизе бугебали. Юбилей тIобитIиялда хурхарал киналго суалал гьоркьор лъуна ва тIуразаруна.

Данделъиялъул ахиралда тIасан кIалъаял гьарулаго районалъул администрациялъул бетIерасул ишал тIуралев ГIиса НурмухIамадовас лъазабуна район гIуцIаралдаса 80 сон тIубаялъул тадбиразулъ районалъул киналго учреждениязул нухмалъулез ва муниципалитеталъул гIадамазги жигараб гIахьаллъи гьабизе кколилан.

Районалъ 80 сон тIубаялъул юбилеялде кIудияб сайгъат гьабуна ГьаракIуни росулъ спортзал баялъе спонсорлъи гьабурав «Роснефть-Дагнефть» кампаниялъул ОАОялъул генералияв директор Муслим Гендиевас,-ян абуна ГIиса МухIамадовичас. Спортзал рагьизе буго октябралъул авалалда. Данделъиялда районалъул гIолилазул комитеталъул председатель А. МухIастановасда тIад къана шагьаразда гIумро гьабун ругел районалъул киналго вакилзабиги гIахьал гьарун, МахIачхъала шагьаралда тIобитIизе бугеб тадбиралде рагIа-ракьанде щвараб хIадурлъи гьабе,-ян. Районалъул спорткомитеталъул председатель М. МухIамадовасе тIадкъай кьуна ГьаракIуни росулъ спортзал рагьиялде буссараб спорталъул тадбирал тIоритIиялъе хIадурлъи гьабизе.

Район гIуцIаралдаса 80 сон тIубаялъул праздникалъул аслиял тадбирал тIоритIизе руго I4 ноябралда. Гьелда хурхун букIине буго гIадатлъун лъугьарал тадбирал: росдал магIишаталъул ярмарка, фольклоралъулаб «Унцукуль» ансамблялъул цереразхъин ва цогидабги. ХIисабалде босун буго гьединго гьеб лъугьа-бахъиналде «Унсоколо район» абураб тIехь биччазеги.

# РакI-ракIалъ баркула!

ХIурматиял учительзаби, тарбиячагIи, лъай кьеялъул хIалтIухъаби, хIухьбахъиялда ругел мугIалимзаби.

Баркула нужеда нилъер профессионалияб праздник – учителасул къо. Щибаб соналъ октябралъул байбихьуда нилъеца кIодо гьабула учителасул гьайбатаб байрам.

ГьабсагIаталда нилъер районалда хIалтIулел руго 9I3 лъай кьеялъул хIалтIухъан. Гьезда гьоркьоса 4I3 учитель, гIадегIанаб категориялъул 111 учитель ва тIоцебесеб категориялъул 29I учитель, 7 Дагъистаналъул мустахIикъав ва 1 Россиялъул мутахIикъав учитель, 78 Почетнияв хIалтIухъан.

Жакъасеб къоялъ гIун бачIунеб гIелалъе битIараб тар бия-лъай кьей чара гьечIого бараб буго учителасул хIалхьи гьечIеб хIалтIуда. Школалда гьезие щвараб цебетIей ккола хадусеб гьезул гIумроялъе ресал ру-к1инари. Хасго талихIавлъун вукIуна махщел камилав, лъималазде рокьи цIикIкIарав, цIалудехун гьира базабулев учителасул кверзукье ккарав цIалдохъан. Учителасул хIалтIи буго цIакъ захIматаб. Гьелъ тIалаб гьабула инсанасдасан цIикIкIараб лъай гуребги, рухIияб рахъги, сабруги, бажариги, иманги.

Гьаб заманалда районалъул киналго учительзаби хIалтIулел руго гIумроялъул цIияб проектлъун лъугьараб «Нилъер цIияб школа»,- абураб РФялъул Президент В. В. Путинил бихьизабиялда гьоркь.

Бокьун буго гьаниб рехсезе Дмитрий Лехачевасул гьадинал рагIаби: «Жиндиего гIоло гIумро гьабурасул, гьеб лъидаго лъачIого, лъалкI течIого лъугIун уна, амма цогидазе гIоло гIумро тIамурасул, гьез цIунула дуца гIумруялда жаниб гьабураб лъикIлъи».

Хириял педагогал! РакI чIола нужер къиматаб хIалтIуца, хIалбихьиялъ, хIалтIуе ритIухълъиялъ, гIакьиллъиялъ, сабруялъ, кумек гьабилин нужеда цере лъурал чIахIи-чIахIиял профессионалиял масъалаби тIуразе.

Гьарула, нужее, чорхое сахлъи, сахаватаб халатаб гIумро, икъбал, хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.

***Л. МУХIАМАДГIАЛИЕВ.***
***Районалъул лъай кьеялъул управлениялъул начальник***

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 40-41 (7181)*
5 октябрь 2015 сон



*Дагъистан экономикияб рахъалъ цебетIезабиялъул программа гIумроялде бахъинабиялъе 2015 соналде щвезегIан республикаялъе биччан буго 3,5 млрд. гъурущ. Республикаялъул 14 муниципалияб гIуцIиялда разе руго индустриалиял паркал, автомобилал гьарулеб комплекс, миниралиял удобрениял гьарулеб комбинат, маххулгун бетоналъул тIагIелал гьарулеб завод ва гь. ц.*

# КIодолъуларев чи гьечIо

*(1 октябрь букIана чIахIиязул къо)*

Херал гIадамал. Гьеб рагIиялъго тIамула нилъ гьезие бетIер къулизе, хIурмат гьабизе, гьел тIалаб-агъазалъ сверун ккун рукIин гьезда бихьизабизе. ГIадамазул даражаялда нафс куцарав чияс херал гIадамазул адаб-хатир цIуничIого толаро. Социалияб рахъалъ гIадамазе хъулухъ гьабиялъул Централъул аслияб масъала ккола херал, балагьизе чи гьечIезул тIалаб-агъаз гьаби. Гьеб хIалтIи нижер цIобалде ккарал разилъуледухъ гIуцIизе хIаракат бахъи буго нижер хIалтIухъабазул тIадаб налъи. Хараби кIодо гьари ккола районалъул ва тIолабго улкаялъул экономика ва рухIияб рахъ цебетIеялъулъ, гIун вачIунев инсан куцаялъулъ, цIикIкIараб гIелалъул гIадамаз лъураб кIудияб бутIаялъухъ жамагIаталъго гьезул хIурмат гьабилъун ва гьезул бахIарчиял ишазе баркала кьейлъун. ЦIикIкIараб гIелалда цере нилъ руго бецIун лъугIуларел налъулаллъун. Гьел даимго мустахIикъал руго нилъер рахъалдасан тIалаб-агъазалъе.

Нилъер районалда хараби кIодо гьариялде руссарал



тадбираздe цебеккунго хIадурлъаби гьарула, гьезул яшав гьабиялъул, сахлъиялъул бугеб гIаммаб хIал лъазабула, щивасе бакIазда материалиябгун медицинаялъул кумек гIуцIула.

Хасго нижер Централъ кумек ва тIалаб-агъаз гьабула нусго ва жеги цIикIкIун санал рарал херазул. Гьезул къадар дагьлъун буго, цо дагьал чагIи хутIун руго. Унсоколоса гьезул ккола: ХIажиева ПатIимат, Мирзаева ПатIимат ва ВухIамаева ПатIиматги.

КIудияб захIмат-гIакъуба бихьун гIуцIана нилъер харабаз гIаммаб магIишат. Гьез бихьулеб захIматалде рачIинчIого гьабуна колхозалъул, тылалъул хIалтIи. Жакъа гьезда цIар кинаб лъун батаниги, гьелъул кьучI умумазул жакъасел харабазул хIалтIудаги, бихьараб захIматалдаги бухьараб буго. Гьеб кIоченчIого, жидерго захIматалъул багьадурзабазул тIалаб-агъаз гьабизе, гьезие хIажатаб кумек гьабизе кIочене бегьуларо нилъеда.



Централъ жакъа къоялде щвезегIан хъулухъ гьабулеб буго 492 чиясе. Гьелъул аслияб мурадги буго разилъиледухъ гьезие хъулухъ гьаби.

ГIадатлъун лъугьахъе тIоцебесеб октябралда тIолабго Россиялдаго гIадин нилъер районалдаги социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул Управлениялъ ва хIажатазе социалияб хъулухъ гьабиялъул Централъ кIодо гьабула халкъазда гьоркьосеб херазул къо. Районалъул социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул управлениялъул ва Централъул хIалтIухъабаз кIудияб рохелгун ва чIухIигун баркула тIолабго районалъул чIахIиял гIадамазда халкъазда гьоркьосеб чIахIиязул къо. Гьарула чорхое сахлъи, халатаб гIумро, диналъе къуват, къвакIараб сабру. Рохун хутIаги нуж, чIахIияб гIелалъул гIадамал, нужерго наслабаздаса!

***ГI. НУРМУХIАМАДОВА.***

# Байбихьул классазул хIалтIуде - кIвар

(Исана районалдаса тIоцебе партаялда нахъа гIодоб чIана 400 гIан лъимер)

2011 сонaлдаса байбихьун Россиялда байбихьул классал хIалтIулел руго ФГОС (Федеральный государственный образовательный стандарт) программаялда рекъон. Гьаб заманалъул тIалабазда рекъон лъимал куцазе ккола киналго цIиял къагIидабазда рекъон. КIудияб, захIматаб хIалтIи тIаде ккола гьанжесев учителасда. Жакъа къоялъул тIалабазда рекъон лъимал куцазе ккани щибав байбихьул классалъул учителасда тIадаб буго цIиял къагIидаби, лъай кьеялъул цIиял технологиял лъазе ва гIумроялде рахъинаризе. Байбихьул класс – гьеб ккола хадуб бачIунелде, букIинеселде лъолеб щулияб кьучI.

Исана нилъер районалда тIоцере партабазда нахъа гIодор чIана 400 гIанисев цIалдохъан. Щибаб школалъул тIоцебесеб класс бачунев учитель риидал заманалда хIалтIана цIалдохъабигун. Гьаб соналъ Унсоколо ДОУ № I «Ромашка» ва ДОУ № 2 «Ласточка» ясли-ахазда рагьана школазде хIадурлъиялъул группаби. Унсоколо № I ва №2 школазул учительзабаз к1удияб разилъигун къабул гьаруна гьезул лъимал.

ЛъикI хIадурарал лъимал рукIана Шамильхъалаялъул № 8 «Солнышко» ва № 9 «Сказка» ясли-ахазулги. Гьединал группаби гьечIониги, кинабго рахъалъ цере тIурал лъимал школалде кьуна ЦIатIанихъ № I2 «Чебурашка», Рихьуни №3 «Фиалка» ясли-ахазги.

I7 сентябралда лъай кьеялъул упралениялда тIобитIана байбихьул классазул метод гIуцIиялъул нухмалъулезул данделъи. Гьоркьор лъун рукIана: учебнияб планалда цIияб цIалул соналда ругел хиса-басиял, методгIуцIиялъул планал цIияб къагIидаялда ва учителасул щибаб предметалъул хIалтIул программа гIуцIи гIадал суалал.

Гьел суалазда тIасан гIатIидаб кIалъай гьабуна районалъул байбихьул класазул методист У. ХIасановалъ. КIалъана УСОШ № 1 школалъул методгIуцIиялъул руководитель ГI. МухIамадова, ЦIатIанихъ гIуцIиялъул руководитель П. ХIажиева, ГьаракIуни СОШалъул методгIуцIиялъул руководитель П. ХIажимухIамадова ва цогидалги.

XXI гIасру – гьеб ккола цебетIураб компьютералъул технологиялъул гIасрулъун. Жакъасел лъималаз гIумро гьабулеб буго къойидаса къойиде хисулеб интернеталдасан, телефоназдасан гIемераб информация жидее щолеб дунялалда. Гьезда рекъон учительги вукIине ккола кинабго рахъалъ цевеТIурав, цIиял



технологиязда рекъон дарсал гIуцIизе лъалев.

Районалда гIемерисел школазул байбихьул классазда руго интерактивиял доскаби, компьютерал, бачун буго интернет. Гьелъ учителасе рес щола лъималазул творческиял рахъал загьир гьаризе, хIасилал гьаризе, дарсазда батIи-батIиял къагIидаби хIалтIизаризе.

Учителасул хIалтIи бигьа гьабизе ва лъималазул киналго рахъал церетIезаризе гьединал класс-кабинетал гIуцIун руго УСОШ № I (методруководитель ГI. МухIамадова), УСОШ № 2 (методруководитель М. ХIажиева), ГьаракIуни СОШ (рук. П. ХIажимухIамадова), Рихьуни СОШ (руководитель П. МухIамадова), ШСОШ (завуч нач. кл. К. ХIасанова) ГСОШ (завуч нач. кл. М. ГIабдулаева) ва цогидазги.

Ахиралда бокьун буго гьаб учителасул праздникги баркулаго гьаризе киналго районалъул учительзабазе чорхое сахлъи, халатаб, гьайбатаб гIумро, хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.

Лъогеги нужер квераз цIалдохъабазе лъикIал гурел къиматал!

***У. МУХIАМАДГIАЛИЕВА.***
***Байбихьул классазул методист.***

# Къецазда - тIоцебесеб бакI

РЦЮДТКлъул 20I4 соналъул I6 декабралда къватIибе бачIараб № 49 бугеб приказалда рекъон Дагъистаналъул школазул цIалдохъабазда гьоркьоб гьал къоязда тIобитIана «ВорчIами, рии»,-абураб гIадатияб поход. Гьелда гIахьаллъи гьабуна 250 цIалдохъанас, туристлъиялъулгун край лъазабиялъул цолъарал центразул членаз. Гьеб гуребги киналго шагьарал росабалъан экскурсиялги гьарун анцI-анцI, нус-нус лъимал ана тIабигIаталде, ракIалде щвеялъул ва тарихиял бакIазде.

Экскурсиял-походал гьариялъул гьез отчетал кьуна стендал буклетал, альбомал гьарун. Избербашалдаса, Унсоколо, Гъаякент ва Сергохъала районаз республикаялъул туризмалъул ва край лъазабиялъул Централде ритIун рачIана гьел.



Киналго рахъал хIисабалде росун къецазда бергьана ва тIоцебесеб бакI щвана Унсоколо районалъул СЮТалъе (педагог П. Ибрагьимова).

***Дагъистаналда бищунго цIикIкIун лъалеб бакIлъун лъугьун буго ХъахIабросу. Гьенив гьавуна ва гIуна магIарул адабияталъул классик, рокьул гIащикъ МахIмуд. Гьениб аск1обго буго цоцаде шапаниги кIиго гIищкъул тIегь данде щвечIеб некIсияб Бекьилъ – пачаясул полковник ХIассан-ханил нус Муил ВатIанги.***



Унсоколо район гIуцIун - 80 сон

# ХъахIабросо



Дагъистаналда бищунго цIикIкIун лъалеб бакIлъун лъугьун буго ХъахIабросу. Гьенив гьавуна ва гIуна магIарул адабияталъул классик, рокьул гIащикъ МахIмуд. Гьениб буго цоцаде шапаниги кIиго гIищкъул тIегь данде щвечIеб некIсияб Бекьилъ – пачаясул полковник ХIассан-ханил нус Муил ватIанги. Гьелда цун аскIоб буго гIарацгIан бацIцIадаб лъим бецIцIулеб ва кIиго иццул лъим тIа-тIала чвахханиги гъорлъе жубачIеб, Муил чилайдул гъалал чанги гъорлъ чурарал росдал лъар. Бекьдерил Хьопол балалъан жакъаги рагIулеб бугин ккола кIиго чIва бараб магIарул тIармил хIасратал бакънал. ГIинтIе базабун хъурайсингун, хъвалаго тIамургун михъилан гьимулев вугин ккола поэт. Гьединал пикраби ракIалде рачIинчIого хутIуларо ХъахIабросулъе щванщинахъе.

МагIарухъ ругел цогидал росабазде дандеккун батIаго хъахIабги гьечIо гьеб росу, амма бичIчIуларо ХъахIасбросу абун щайдай гьелда абулебали. БитIараб батизе ккола жидерго росдада гьединаб цIар лъеялъул хIакъалъуъ хъахIабросдерица бицунеб. Гьанже росу бугеб бакIалда рукIун руго гIатIидал ва ризал рохьал. Гьениве вачIарав ХъахIавилан абулев чияс гьениб жиндирго кули гьабун буго. Гьелда ХъахIасул кули абун абулаан. Хадуб гьениб гIагардехун рукIарал Щулалъул гохI абулеб росулъа гIадамалги гочун рачIун гьез гьениб жидеего росу барабила. Гьелда цIарги ХъахIабросуйилан тун буго.

ТIоцебе росу ккураб заманги гьелъие кьучI лъурал гIадамалги лъазе кIолел гьечIо. Амма росулъ ратулел архиологиялъулал лъалкIаз бицуна росу цIакъго некIсияб заманалда ккураб букIин. ТIоцебе росу букIун буго Щулалъул гохI абулеб бакIалда. Унго-унголъунги тIаде кIанцIулездаса цIунизе щулалъаби ругеб бакI букIун буго гьеб, гьабсагIаталдаги гьеб гьединаб буго. ТIабигIат берцинаб расалъиялда гIумру гьабулезул цебегоялдаса нахъего аслияб магIишат гIи-боцIухъанлъи ва хурухъанлъи букIана. Доб заманалда гьезул рукIа-рахъин ва культура цIакъго нахъе ккараб букIун буго.

Жанир кутакал рагъал ккечIониги ва бодулъ цIар тIибитIарал гIадамал гьениса рахъинчIониги Кавказалъул рагъул соназда цо рахъалда хутIичIо ХъахIабросуги. Дагъистаналъул цогидал росабазулго гIадаб рагъулги кьалулги махI бахъараб букIана гьеб росдалги къисмат. Амма доб заманаялъул хъвай-хъвагIаязда, гIелмиял хIалтIабазулъ, ракIалде щвеязулъ хъахIабросдерил цIар батулеб букIинчIо, киса-кибего дандчIвалеб букIана Ахкент абун. Лъараг1 мацIалда гьеб рагIул магIнаги ккола «ХъахIабросу» абураб. Буго жакъаги Буйнакск районалда Ахкент (ХъахIабросу) росу. Дол церегосел хъвай-хъвагIаяздаги киса-кибего рехсолеб буго Ахкент росу. Гьеб букIине ккола нилъер ХъахIабросу, чияр цIаралде гъоркье ккараб.

Амма хъахIабросдерил гIадамаз гIахьаллъи гьабуна I9I4 соналда букIараб тIоцебесеб дунялалъул рагъда, гIурус пачаясул армиялъе хъулухъ гьабулезе цIикIкIараб гIарац кьолеб бугиланги рагIун гьенире Россия цIунун рагъизе ун руго ГIабдулвахIид, ХIанза, ИсхIакъ абулел гIадамал, гьезда цадахъ поэт МахIмудги. Армиялда хъулухъ гьабулаго хъварал ругин абулеб бугелъулха МахIмудица «Почтовой кагътиде керенги чучун», «Марям» гIадал гIатIидго магIарулазда гьоркьор машгьурал асарал. ХъахIабросдерица бицуна пачаясул армиялда хъулухъ гьабунилан къавулъ батIияб хисабаси ккечIин гьезул,- абун.

Совет власталъе гIоло къеркьолел саназда ва къватIисел улкабазул интервентазде данде рагъ гьабулеб заманалда хъахIабросдерил гIадамазги щулаго рахъ ккун букIана большевиказул. Гьеб заманалда МахIач Дахадаевасул отрядалда гьоркьор рагъулел рукIана багIарал партизанал ХIасанханов Раджаб, ХIажиев ГIалихIажи, ХIусенов ГIабдула ва МахIмудги. МахIмуд вукIана МахIачил бухьенчи. Гьев МахIачил тIадкъай тIубазабулаго цо нухалъ ХIоцоса Нажмудинил бандаз ккунгицин вукIана. ХъахIабросулъ букIун буго МахIачил цо отрядалъул рагъулаб штабгицин.

ХъахIабросдал тарихалда бакI ккола ва гьеб бечед гьабула магIарулазул цIар рагIарав поэт МахIмудил творчествоялъ. МахIмудил кучIдул лъала ва рокьула гIицIго магIарулазе гуребги Дагъистаналъул цогидал миллатазеги. ГIурусазул кIудияв гIалимчи, профессор Жирковас гьадин хъвалеб буго МахIмудил хIакъалъулъ: «ГIурус поэзиялда жаниб Пушкиница кинаб бакI ккoлеб букIараб батаниги, гьединаб бакI ккола Дагъистаналъул поэзиялда жаниб МахIмудицаги»,- абун. Поэт Н. Тихоновас абуна МахIмуд Кавказалъул Блок вугилан. МахIмудил кучIдул гIурус мацIалде руссинарун къватIире риччана Э. Капиевас.

МахIмудил творчествалда аслияб бакI ккола лирикаялъ. Дол соназда гьес тIадегIанаб къимат кьун кIодо гьаюлей йикIана магIарул чIужугIадан. БичIчIулеб жо, сверухъ кколел ругел лъугьа-бахъиназги поэтасе асар гьабичIого толароан. Дагъистаналъул мугIрузда революциялъул гучал карачалаби тIиритIун унеб мехалда гьес хъвана: «Гьаб бурангун лъугьа дунял лъухьизе»-абураб кечI. Гьениб МахIмудица магIарулал ахIулел рукIана бечедазде данде, жидерго талихIаб ва эркенаб гIумроялъе гIоло къеркьезе. ХъахIабросдерица кIодо гьавуна жидерго вас. Росулъ гьесие лъун буго памятник, хабада абуни зонода къвалги бан чIарай магIарулалъул образалда скульптор А. Сарыджаца гьабураб зани, замазаманалда ХъахIабросулъ тIоритIула МахIмудил къоял.

Жеги къоабилел соназул ахиралдаго ХъахIабросулъ рагьун букIана медпункт. Гьенив тIоцевесев учительлъун хIалтIулев вукIана ХIариколоса Сулейманов Наби. Гьелдаса хадуб I934 соналда гIаммаб лъай кьеялъул школаги рагьана.

I936 соналда байбихьана ХъахIабросулъ колхозияб багъабачари. Байбихьуда коллективияб магIишат цIакъго мискинаб букIана. Абизе бегьула дол соназда гьезул букIарабгIанисеб бечелъи жакъа ХъахIабросдерил щивасул азбаралъуб батулин. Амма дагь-дагьккун сонал анагIан цебетIей лъугьана колхозалда, киналго гьелда серухъ гъункана ва гъеж гурун хIалтIана производство щула гьабизелъун. ХIалтIул гурони мацI лъаларел чагIи ругилан абула хъахIабросдерида. ГIемерал рукIана дол соназда росулъ колхозиял церехъаби. Масала, гьединавлъун вукIана I937 соналда ДАССРалъул Верховный Советалде районалдасан тIоцеве депутатлъун вищун вукIарав Зубаиров Муса, Ленинил орден босарай ва гIемерал соназ гIачиязе хъулухъ гьабун фермаялда хIалтIарай доярка Лабазанова Зугьра ва гIемерал цогидалги.

ВатIаналде тIаде хIинкъи ккарал I94I-I945 рагъул соназда ХъахIабросулъа фронталде ана 45 гIолохъанчи. Гьезул ичIгояв гурони росулъе тIад руссинчIо. Берлиналде щвезегIан рагъул нух нахъа тана Чупанов МухIамадица. БахIарчилъиялъе нугIлъи гьабулел чанго орденал ва медалал рукIана гьесул. Тушманасда тIад бергьенлъиги босун росулъе тIад руссана Раджабов Лабазан, ГIалиев ГIумар, ГIабдулаев ХIасан гIадал рагъухъаби.

Дол соназда хъахIабросдерица тылалдаги рукIун кумек гьабулеб букIана фронталъе. Гьез кьуна гIарацги, хинаб ретIел-хьитги, росдал магIишаталъул продуктабиги, гьел ана оборонаялъул щулалъаби гьаризе республикаялъул батIи-батIиял бакIазде хIалтIизе.

Улкаялъ рагъуца лъурал ругънал сах гьарулел соназда хъахIабросдерицаги хIаракатаб хIалтIи гьабуна жидерго росу гIуцIиялъе, росдал гIадамал кинабго рахъалъ хьараллъун рукIинариялъе, рукIа-рахъиналъул культура берцин гьабиялъе. Общественниябгун производствалъулаб гIуцIарухъанлъиялда хъахIабросдерица церехун галаби тIамуна.

ГIемерал соназ росдаеги ва росдал магIишат цебетIезабиялъеги бетIер лъи гьабуна Дадаев ДарбишмухIамад, Сулейманов МухIамад, Лабазанов ГIабдула гIадал гIуцIарухъанлъиялъул ишалъе гьунарги махщелги бугел гьалмагъзабаз. Ункъоабилел соназда МахIмудил цIар лъураб колхоз республикаялъул церетIурал магIишатазул кьерда чIезабун букIана гьелъул председатель ХIажиева Разиятица. Гьей йикIана Дагъистаналда колхозалъе бетIерлъи гьабулей кIиабилей чIужугIадан. Махщалил рахъалъ гьей ккoлаан педагог.

Гьанже хъахIабросдерил жидерго руго гIалимзабиги, республикаялъул батIи-батIиял бакIазда хIалтIулел махщел бугел специалисталги. Дагъистаналъул медицинаялъул институталда кIудияв преподавательлъун вуго гIелмабазул кандидат ГIалискандиев ГIабдурахIман. Экономистасул тIадегIанаб лъай буго ХIасанов МухIамадил. Амма магIарулазда гьев лъала МахIмудил творчествоялъул хIасратав пропагандист хIисабалда. Гьев ккола МахIмудил фондалъул правлениялъул председатель. Гьесул битIухъегояб жигаралдалъун къватIире риччана МахIмудил кучIдузул ва гьев лъалезул ракIалде щвеязул тIахьал, кибего рагIизабун кIодо гьабуна ХъахIабросулъа МахIмуд гьавуралдаса I20 сон тIубай, росулъ цIи гьабуна поэтасул музей.

ХъахIабросдерил бицунеб бугелъул, бицен гьабизе ккола гьелда цун аскIоб бугеб Бекьилъ росдалги. МахIмудил хIасратаб рокьи ккараб Муил ватIанин аби гуребги, гьеб росдал хIакъалъулъ нахъе цIунараб тарих гьечIо, жакъа гьениб цо чанго мина гурони хутIунги гьечIо. Гьеб росу цIунун хутIунгутIиялъе аслияб гIиллаги ккола I944 соналда бекь Чачаналде хIалалъ гочинари. I956 соналда Чачаналдаса нахъе рачIунаго гьел умумазул некIсияб бакIалде тIад руссинчIого Хасавюрт шагьаралда чIана ва жакъаги гьенир руго. НекIсияб Бекьилъ хутIана гIицIго умумазул хабалаби. Гьениб буго МахIмудил йокьулей Муил хобги. Зама-заманалда ХъахIабросулъе – МахIмудил ВатIаналде щварал гьалбал щвезе уна Муил хабадеги.

***М Саг1адулаевасул***
***«Ансадерил сверабазда» тIехьалдаса.***

**Поэзиялъул букIон**

## ЧIахъаги, мун Дагъистан!



Политбюроялъ гьукъун, лъабкъого сон аниги
Иман-ислам чIунтичIо, ч1ахъаги, мун Дагъистан!
Дунялалда цIаларал, гIалимзабазул ВатIан,
ТIаса зулму-хIал араб, заман кида букIараб?
НикIолайил аскараз, росаби чан рухIарал,
Чан бахIарчи къанщарав, къадруяб гIумруги кьун.
Къоло щуго сонил рагъ, Шамилил бахIарчилъи
Равза бихьулеб гохIилъ, БакъигIалда вукъарав,
АнцIила ичIго ругъун, хочол-хвалчадул щварав,
Щулалъудаги вахчун вагъулев мюрид течIев.
Бода цебе хвалченгун, чода араб дур гIумро
ГIараб гIелму камилав, кверзукь хвалчен лебалав.
Нуж эргъвендерил бакълъал, гендерил кьурул парсал,
Бице гьанже халкъалда, дол умумазул къвакIи.
БахIарчияб АхIулгохI, яхI-намусалъул буцур,
Лъабго моцIалъ анкьнусго, мюридас хIехьараб къо.
Дур къеркьеялъул бутIрул, бахIарчиял наибал,
Жидей росдал хабалалъ,
Хоб щвечIел багьадурал;
Хьаргабиса Идирис,
ТIелекь - Къебед МухIамад,
Хунзахъа Ахъбердилав,
Алмахъазул Айдемир.
ХIабибулагьас салам
Буссинабурав имам,
Инсул росулъ бугеб хIал,
ХIалае бакIлъун бугищ?
ГЭС балезул г1арцуца, хьихьун г1урал рохьилаз
Хьухьазабураб зодихъ, мукъсанлъана бакъул нур.
Дур гьудул шагьидлъараб, нохъода кIалтIе щведал
Щивав магIарул чияс, дугIа буго гьабулеб,
Цо гьеб буго гьаб кIкIалахъ, хутIараб лъикIаб гIамал
ГIумру нужеца кьураб, кьалда бахIарзал хвараб!

*ЖабрагIил-хIажи ХАЛИДОВ.*

## «Маххул хIанчIазул» гьужум



Къалъ-къалъизе гьавула,
Кьокъидго халкъалда гьорлъ
Машгьуравлъун лъугьуна.
Азул хIакъалъулъ хъвачIеб
Газета букIунаро,
Телевизоралдасан
Рехсола чанго нухалъ.
Къокъабго заманаялъ
ГIодоб биччан букIуна,
Гьаз гьабулеб хIалтIуе
ЛъикIаб къиматги кьола.
Цо пуланаб къоялда,
РакIалдаго гьечIого,
Азул хъулбузда сверун
Хъудулеб гьаракь чIвала.
Цинги баккун бачIуна
ТIасан гьаваялдасан
Дунял гьар-гьазабулеб
Гьаркьги бахъинабун,
ГьодитIа куркьбал ругеб
Каранда боххдул ругеб,
Лугбал жиндир цIоборал
ЦIвак-цIвакараб «маххул хIинчI».
ГIодобе рештIарабго
КъватIир кIанцIун рачIуна
Хъатикь ярагъги бугел,
Гьурмазда маска барал,
Спецназ.,-ян цIарги бугел
ГIолохъабазул къукъа.
Рукъзабазул бетIергьан
Кверазда маххалги ран,
ГIодов хъвазе течIого
Тункун къазе гьавула
Къиматаб месед гIадин
«Маххул хIанчIил» чохьонив.
Вахчун-хьван хъамун уна
Цо рахъалде балагьун,
Хадуб долго газетаз,
Телевизоралдасан
Квешабщинаб цIар чIвала
Ккун арав хIакимасда.
Такъсирчиги гьав ккола,
ЦIогьорги гьав ватула
Террористазул гьудул
ВукIун вугин бицуна…
ЧIамучIлъизе течIого
Гьалда лъугIизе телин,
Киназдаго рагIараб
«Маххул хIанчIазул» къисса.
ГIадатиял гIадамал
ГIащикъго урхъун руго
Нахъеги «маххул хIанчIи»
РачIиналъухъ балагьун…

*ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ*
*Гъизилюрт*

Ахираб заманалда
Нилъер Дагъистаналда
«Маххул хIанчIазул» гьужум
ГIадатлъун лъугьун буго…
Ч1ахIиял хъулухъаздe
ТIамулев чи веццула,
Зодове вахинавун
Халкъ божизе гьабула.
ЛъикIав хIаким вугилан
Рецц-бакъ гьабун кIалъала,
ХIурматиял цIарал кьун
КIодо гьавун баркула.
Керен цIун шапакъатаз

## Замана хисун гьечIо



Гьанже гьаб заманаялъ
ГIемерисел гIадамаз
Щибаб жоялъул роцен
ГIарцудалъун борцуна.
ХIукуматалъул хIалтIи
ТIаде босулелъул гьез,
МоцIил харж цIехелалде
Цин «щолеб жо» цIехола.
Щибниги къваригIелалъ
Жидехъе рачIаразде
БукIкIинабун нодогун,
ХъачIаб кIалъай гьабула.
Жидер нахъраталида
Хадур рачIаралгIанги,
Багьанабиги ургъун,
Гьез мурад тIубаларо.
Кирехун щвананиги
Щиб гьабизе кканиги,
Киса-кибего гIарац
ХIалтIизабизе ккола.
Махщел бугевин абун
ХIалтIуде чи восиги
Гьанже заманаялда
КъанагIатаб жо буго.
ГIадамазе киридахъ
КIвараб кумек гьабулел
ЦIакъго дагьал гурони
Гьанже ратулел гьечIо.
Жинца гIетI бацIцIинчIого
Щвараб гIарцухъ босараб
ХIалалаб бугищали
Ургъулев чи дагь вуго.
«Замана хисун гьечIо,
ГIадамал хисун руго»,-
ЧIахIиял кIудабаца
Гьедин абулеб буго.
Абадиялъул рокъоб
ЦIех-рех гьабулеб мехалъ,
Жидер ишазул жаваб
Кьезе гьезда кIвеладай?
Гьезда щайдай лъалареб
ХIакъикъа рорчIиялъе
ХутIараб жо цо букIин-
Иман-ислам щулалъи.
Гьабуралда пашманлъун
«ТIаса лъугьа»,-ян абун,
РакI-ракIалъ тавбу гьабун
АллагьасдегIагарлъе.

*Х. КАМАЛУДИНОВ,*
*Хасавюрт*

**ЛЪАЗАБИ**

**2009 соналъул I4 маялда РДялъул Унсоколо районалда бугеб УФМСалъул отделениялъ Къасумова Лайла МухIамадовналъул цIаралда кьураб МК-111 сериялъул № 0205380 мугеб материнскияб капиталалъул сертификат билун буго. Гьеб гьанжеялдаса нахъе хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.**

*Инхоса ГIалихIажияв гьавун - 170 сон*

## ГIакъилал жугьаби

Цо ахIмакъав гIабдалас гIадан къварид гьавула,
ГIелмуялдаса тIурав басралъунги хутIула.
* * *
Унтун, херлъун ккечIого, гьабе дуца гIибадат,
Унтун, херлъун ккани квер базего кIоларин.
* * *
Аллагьасул гIадатаз, лагъасул хIал бихьула,
Сурараб къварилъи щун, заманаялъ кIвекIула.
* * *
Цинги хадуб гIатIилъи тамашаго букIуна,
Балагьал тIаса росун, Бичас рохизарула.
* * *
НасихIат бацIцIад гьабун кигIан мун кIалъаниги,
Вокьарасдехун гIайиб рагIуларо кидаго.
* * *
ХъахIаб расул чапарал, гьездаги дун щак вуго,
Щаклъиго гьечIеб чапар, хъахIаб расги букIаго.
* * *
Бухунилан хIамил чу лъугьунареб,
Чурунилан болъон бацIцIалъулареб.
* * *
ГохIда гьабунилан хIорги чIолареб,
ХIориниб гурони къверкъги чIолареб.
* * *
Хьархъица гулла кколилан хIисаб гьабуге,
ХIотоца гьорчо кколилан пикруги гьабуге.
* * *
ГIанкIудал ханилцин хайирги гьабе,
Ханждал къачIаялъул низамги гьабе.
* * *
БотIролъ гIакълу кьурасе кьолеб гIелму буго гьаб,
ТIор бахиндал херв гIадин, гIадамасулъ тIегьалеб.
* * *
Кинан нуж кантIуларел, кинабгIаги цо лъикIлъи,
Халкъалъе гьабун тезе, мунго чIаго вукIаго.
* * *
ЛъикIав-цIакъав эв гьикъе, умумазда цIакъ лъала,
Дуда гIабдалин ккарав, гIадамазе кIудияв.
* * *
Анищазул хур бекьана – баккичIо,
Хиялазул чу рекIана – бильинчIо.
* * *
Рагьиде босун букъе, рокъобе босун лъутIе
Лълъурчаралда рукъи бай, бихьаралда кун бахъе.
* * *
АхIи бащадаб лъикIаб, барщи гIахьалаб квешаб,
Кивго халкъалда цадахъ, цохIого чи какарав.

Районалъул халкъияб лъай кьеялъул управлениялъул хIалтIухъабаз ва лъай кьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул месткомалъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго ГIумаров ИманшапигIида, хъизаналда ва тIолабго гIагарлъиялда бищун гIумро тIегьалеб гIужалда вас ***ГIали*** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас балагьалдаса цIунун таги.

Районалъул халкъияб лъай кьеялъул управлениялъул хIалтIухъабаз ва лъай кьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул месткомалъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго «Ромашка» ясли-ахалъул воспитательница МухIамадова ХIабсатида, лъималазда ва гIагарлъиялда рос ва эмен

**ГIабдула**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас алжан насиб гьабун батаги гьесие.

Районалъул «Ахихъан» газеталъул редакциялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго райбольницаялъул врач Чакарида, ГIумаров ИманшапигIида ва тIолабго гIагарлъиялда гIолохъанго нагагьаб балагьалдалъун гьезул вас

**ГIали**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.
Аллагьас иманалда тIовитIун ватаги гьев, нахъе ругезе берцинаб сабруги кьеги.


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Ответственный Гусейн ГУСЕЙНОВ**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**с. Унцукуль**
**ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора**
**55-63-07**
**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать -4. 10. 15 г. 16,10
фактически -17.20 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1500 экз.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 40-41 (7181)*
5 октябрь 2015 сон

*4 гьумер*

# Садовод

Страница в номере



### Острый сигнал

# Оспа

**Причиной публикации данного материала о заболевании оспой животных является следующее:**

**В сентябре 2015 года на территории нашей республики, в том числе Тляратинском, Кизлярском, Тарумовском, Ногайском районах имеются случаи возникновения оспы среди овец и крупного рогатого скота. Есть угроза возникновения оспы на территории других районов.**



**Поэтому для предупреждения заноса оспы овец и крупного рогатого скота в благополучные хозяйства нашего района необходимо принять конкретные меры ограничения завоза животных, кормов из неблагополучных по оспе хозяйств.**

**Владельцам животных необходимо вновь поступивших животных из перечисленных районов карантировать в течение 30 дней и подвергать вакцинациям против оспы. Также вакцинировать всех восприимчивых животных, находящиеся на территории района. При подозрении о заболевании владельцам животных немедленно сообщить специалистам ветеринарной службы на местах и принять совместно конкретные меры профилактики, уточнить причины возникновения заболевания.**

Оспа – острая контагиозная болезнь, протекающая с характерными папулезно-пустулезными поражениями кожи морды и других мест со слабым волосяным покровом (экзантема) и слизистых оболочек.

К оспе восприимчивы овцы, козы,



крупный рогатый скот, свиньи, лошади, верблюды и птицы. Оспой болеет и человек

Болезнь распространена на континентах земного шара, в т. ч. в Европе, Азии и южных областях, республиках бывшего СССР .

Экономический ущерб, причиняемый оспой наиболее ощутимый. В овцеводстве летальность ягнят до 50 %, умещает в достаточном количестве продуктивность и выход шерсти.

Инкубационный период болезни животных от 4 до 12 дней. Первые симптоми болезни характеризуются кратковременным повышением температуры тела на -1-2 градусов С., вялостью и снижением аппетита. Часто эти признаки сопровождаются катаральным конюктивитом, ринитом и отеками подкожной клетчатки. Эта стадия болезни длится обычно 1-2 дня. Затем опухают веки и появляются истечение из глаз и носа. Оспенная экзантема чаще и более четко выступает на малошерстных участках головы, внутренних частях конечностей, хвоста и вымени, а у баранов – на мошонке.

Сначала появляются красные пятнышки (розеолы), которые затем превращаются в темно-красные, быстро некротизирующие папулы. Иногда папулы сливаются и когда подсыхают, образуется корочки, после отпадания, которых остаются белые и розовые пятна. Иногда тяжело протекает сливная и геморрагическая форма оспы.

Возбудитель болезни является вирус. Вирусы оспы устойчивы во внешней среде. Они могут сохранять жизнеспособность до 1,5 лет в окружающей среде, на пастбищах и в овпорнях от двух до шести месяцев. Быстро погибают в гниющем материале.

Источником заряжения является больные животные. В организм здоровых животных вирус проникает через дыхательные пути, через поврежденные кожи и слизистых оболочек, через пищеварительный тракт. Факторами передачи возбудителя инфекции является корма, навоз, предметы ухода. Наиболее тяжело протекает оспа у овец тонкорунных парод, а также у молодилка, легко проникает у крупного рогатого скота.

У больных животных помимо характерных изменений на коже и слизистых оболочках ротовой полости, обнаруживают геморрагическое воспаление слизистой оболочки желудочно-кишечного тракта и дыхательных путей. В глотке и в трахее находят эрозии и язвы, в легких гангренозные участки. Печень глинистого цвета, селезенка иногда увеличена, мышцы сердца дряблые. Увеличиваются лимфатические узлы.

Диагноз болезни не вызывает особых затруднений, его ставят на основании клинического осмотра животных. В затруднительных случаях прибегают к микроскопическому исследованию патологического материала.

### *Турнир памяти М. Магомедалиева*

# *Турнир отличался упорной борьбой спортсменов*



3-4 октября в сел. Унцукуль Унцукульского района прошел волейбольный турнир памяти Заслуженного работника по физической культуре и спорту



РД Магомедалиева Магомеда Магомедзагидовича. Магомед Магомедзагидович более 20 лет усердствовал в развитии спорта в районе, внес большой вклад в развитие волейбола на территории района и пропаганду здорового образа жизни среди населения. Так же данное мероприятие прошло в целях популяризации и развития волейбола, повышения спортивного мастерства, пропаганды здорового образа жизни и привлечения молодежи района к активным занятиям.

Организатором мероприятия выступил отдел ФК и спорта администрации района. В турнире приняли участие 9 мужских волейбольных команд, сельских поселений района. На открытие турнира приняли участие зам.главы МО «Унцукульский район» Ахмедов Сахратула, начальник отдела ФК и спорта администрации района Магомед Магомедов, глава села Унцукуль - Магомед Магомедов, имам Унцукульского района - Алигаджи Садыков. Поздравил спортсменов в приветственном адресе зам. главы МО «Унцукульски район» С. Ахмедов; «Дорогие друзья!. Волейбол является одним из самых популярных и массовых видов спорта в РД и нашего района. С каждым днем этот вид спорта завоевывает все больше и больше поклонников не только среди профессионалов, но и любителей. Сегодняшний турнир памяти Магомеда Магомедзагидовича является актуальным, необходимым потому, что наш Магомед Магомедзагидович являлся настоящим патриотом своего района и любителем волейбола. Желаю всем, мира, сплоченности и успехов в спорте».

Выступывщий глава сел. Унцукуль М. Магомедов сказал, что такие встречи позволяют молодим сплотится, укрепить корпоративный дух и взаимоотношения не только между собой но между сельскими поселениями.

В первый день турнира команды провели свои стартовые матчи. Во второй день состязаний определились полуфиналисты. Ими стали команды, занявшие первые и вторые места в своих группах.

Упорная борьба за выход в полуфинал в последней игре предварительного этапа развернулась между равными по классу командами групп. В матче за третье место вновь встретились сел. Ашильта и Унцукуль, где команда сел. Ашильта заняла третье место. Команды сел Балаханы и сел. Цатаних, которых жребий также свел в разных группах, сошлись в финале выявить победителя турнира.

Игрокам пришлось использовать только две партии, чтобы определить чемпиона. Фаворитом турнира стала команда сел. Балаханы.

Призеры и участники турнира были награждены денежными призами и грамотами. Определены также и лауреаты турнира: «лучший нападающий» - Абдулмеджид Абдурахманов из сел. Ашильта, «лучший разводящий (пасующий)» - Хабиб Магомедов из сел. Унцукуль.

Турнир отличался зрелищными и захватывающими матчами, упорной борьбой спортсменов.

***Наш корреспондент***

Ахихъан
Районалъул газета
№ 40-41 (7181)
5 октябрь 2015 сон

5 гъумер

*2015 соналъул кIиабилеб кварталалдаса нахъе Россиялъул хIукуматалъ инсанасе гIумро гьабиялъе къваригIунеб бищунго гIодобегIанисеб гIарцул къадар цIикIкIинабуна: цо чиясе 10017 гъурущ, хIалтIулел чагIазе 10792 гъурущ, пенсионеразе – 8210 гъурущ, лъималазе – 9806 гъурущ.*



«Россельхозбанк»: нижер гара-чIвари

# Кредитал кьола ва вкладал цIунула

**Араб соналъул ахиралдаса нахъе гIадамазул гIемерал харбал рукIана Унсоколо бугеб «Россельхозбанк» къазехъин бугин.-абун. Гьелда хурхун нижер мухбиралъ гара-чIвари гьабуна «Россельхозбанкалъул» филиалалъул управляющий М-ТI. АхIматIхъановасулгун.**




**- МухIамадтIагьир, ахирияб заманалда гIадамазда гьоркьоб харбал руго «Россельхозбанкалъул» филиал къазехъин бугин, штатал къокъ гьарулел ругин. Бугищ нужер хIалтIулъ хиса-басиял?**

-«Россельхозбанк» буго акционернияб обществалъул бакI. Гьениб буго 100 процентаналъул капитал. Гьеб ккола гIицIго цохIо пачалихъалъулаб банк. Гьелдаго цадахъ руго сбербанк ва ВТБ банкги.

БитIараб буго, ахирияб заманалда къалел руго частниял банкал, «Россельхозбанк» къалеб гьечIо, къалел руго гьезул тIаде ругел офисал. Гьедин къана Гумбеталда, Болъихъ, ЦIумада ва ГIахьвахъ ругел офисал. Гьел киналго районазул офисалги цолъизарун ункъго районалъе хъулухъ гьабулеб буго нилъер «Россельхозбанкалъ».

ГьабсагIаталда районалъул «Россельхозбанк» буго Дагъистаналда ругел банказул бищун цебесеб кьерда.

**-Цо-цо СМИяз кьолел рагIана гIадамазул вкладазде тIаде кьолел процентал гIодоре рачун, кредитазде тIаде рачIунел процентал цIикIкIинарун ругилан. Гьелда хурхун бугеб ахIвал-хIал бицани бокьилаан.**

- ГьабсагIаталда вкладазул рахъалъ «Россельхозбанкалда» руго, цогидал банказдаса цIикIкIарал процентал. Гьелъул буго лъикIаб гарантияги. Гьаб заманалда гIарац вкладалда лъурав бетIергьанчиясул ракI гIодобе биччан букIуна, квер мекъав чи тIаде ккани босун ине бегьулелъул, гьаб буго гIарцуе гIоло бокьараб жо гьабулеб заман.

ГьабсагIаталда пенсионеразул вкладазде тIаде руго лъикIал процентал; гьезие кьолеб буго лъагIалие ичIго процент. Гьанибго бихьизабичIого гIоларо, пенсионерас гIарац вкладалда лъолеб заманалда рихьизаризе ккола ирсилал. Нагагь вкладалъул бетIергьанчи хвани гьесул ирсилазухъе гурони нижеца гIарац кьоларо. Кредитазде тIаде рачIунел процентalги гIодоре рачун руго.

Нижер банкалъ хъулухъ гьабулел цогидал районазул пенсионеразул руго цIикIкIарал вкладал, амма нилъер районалъул пенсионераз гIарац рокъоб цIунун буго вкладалдаги лъечIого. РукIана хIужаби цIа ккун, рукъзал ва рокъоб букIарабщинаб къайиги гIарацги бухIараб, гIарцул хутIелал нижехъе рачIуна хисизе. Гьедин ккечIого букIине лъикIаб букIинаан гIарац рокъоб цIуничIого вкладалда лъуни. Гьедин гьабуни тIаде процентalги рачIунел руго, ургъел гьечIого нилъги рукIине бегьулел руго.

**-Нужерги, церехун рехсарал районазулги «Россельхозбанкал» цолъизарун руго. ХIалтIи бачине захIмалъун бугищ, штаталги къокъ гьарун ругеб мехалъ?**

-ГьабсагIаталда банкалда хIалтIи гIемерисеб техникаялъ гьабулеб буго. Нижеца жиб-жиб районалда чIезарун руго аппаратал, терминалал, банкоматал. Гьез жамагIатазе хIажатаб гIарац лъезе, бахъизе ва цогидалги ишал жидецаго тIуразарула. Гьелъ бигьалъи букIуна хIалтIи бачине. Нагагь захIмалъулеб бугони нижее бокьараб мехалъ тIаде штатал кьола, амма гьабсагIаталда ниж гьелде хIажат гьечIо. ХIалтIи лъикI бачун бажарулеб буго хIалтIухъабазул.

**-Кредитал кьеялъул рахъалъ ахIвал-хIал кинаб бугеб?**

-Нижер банкалъ бокьарал кредитал кьола. Амма жакъа къоялда бищун лъикIаб буго пенсионеразул кредит. Гьезие 80 сониде рахинегIан кьолеб буго, бищун цIикIкIараб кредит 500 азарго гъурущалде щвезегIан, лъабго миллион кьолеб буго квартира босизеги. Гьелда тIадеги буго автокредит – 800 азарго гъурщиде щвезегIан. Гьел гурелги гIемерал батIи-батIиял кредитал руго нижер банкалдасан кьолел. Гьеб босулезе кьезе гIарацги буго банкалъул.

Кредитал къваригIарал рачIине бегьула Унсоколо бугеб «Россельхозбанкалде».

**-Баркала гара-чIвариялъухъ.**

***Гара-чIвари хъвана ГI. МУХIАМАДОВАЛЪ.***

# «оБерегай берега» акция



***Дагъистаналда бугеб «РусГидроялъул» филиалалъ цIикIкIараб кIвар кьола республикаялъулго гIорал-хIоразул рагIаллъаби рацIцIадго чIезариялде. Хасго гьез кIвар кьеялда гьоркьъ чIезарун рукIуна районалда бугеб ГЭСалъул хIор, гIурул рагIаллъабазда сверухъ бакIал. Гьал къоязда филиалалъ тIобитIана Рихьуни ГЭСалъул хIорида ва гIурул рагIаллъабазда рацIцIалъи чIезабиялъул «оБерегай берега»,- абураб акция. Тадбирал аслияб къагIидаялда тIоритIула школлъималазул кумекалдалъун.***

Радал цудунгоялдаса байбихьун гIурул ва хIорил рагIаллъабазде ракIарана Унсоколо № 1 ва № 2, Шамилькъала поселокалъул, Генуб, Майданскиялъул школазул цIалдохъаби. Киса-кирего рагIаллъабазда байбихьана хIалуцараб хIалтIи. БакIарараб кьищникъулалъул цIуна анцI-анцI машинаби. Гьеб кьоялъ цIалдохъабаз бакIарана 170 ялдаса гIагарун мешок кьишни-къулалъул. Гьелъ берцинлъиги квегIенлъиги кьуна сверухълъиялъе.

«оБерегай берега» тадбир тIобитIулеб къоялъул къадекванил гIужалда хIалтIун свакарал лъимал ракIарана Шамилькъала поселокалъул школалъул азбаралде. «РусГидроялъ» кьурал, лъадада кьер релъарал футболкаби ретIарал г1исинал хIалтIухъабазул данделъи тIобитIана школалъул азбаралъуб къаде кванazарун хадуб. Тадбир рагьана «РусГидроялъул» жамагIатазул ва СМИязулгун гьоркьоблъи чIезабулеб отделалъул нач. М. ХIамзатовас. Гьес данделъаразда бицана гIорал-хIорал рацIцIадго чIезариялъул бугеб кIваралъул, гIолеб гIелалъ гьединал тадбиразулъ гIахьаллъи гьабиялъ тарбия кьеялъулъ бук1унеб цебетIеялъул.

Данделъиялда кIалъана Шамилькъала школалъул директор Гъ. ГъазимухIамадов, районОНОялъул вакил М. ГIабдурахIманов, райадминистрациялъул вакил М-Н. ХIайбулаев, тарихчи ХI. Ибрагьимов ва цогидалги.

Тадбиралда тIоцебесеб бакI ккуна Унсоколо № 2 школалъ. Гьезие кьуна кубок, киналго акциялда гIахьаллъарал цIалдохъабазе кьуна ракIалде щвеялъе сайгъатал.

***Нижер мухбир***

***Кулинария***

## Овощазул цIураб перец

Босила 10 гьуинаб перец, 3 ламадур, хачала цо капуста, 3 бетIер пер, 250 гр. сметана, 2 столовияб гьуд хурдузул нах ва гIурччинлъи.

1. Перец чурила, жаниса хьон бацIцIад гьабила ва 1-2 минуталъ бухIараб цIамхIалаб лъелъ лъела.

2. Овощал гIисин гьарун руссина ва хурдузул нахулъ кIвекIила.

3. ГIурччинлъи гIисин гьабила ва овощазулъ кIвекIила.

4. ХIадурарал овощазул начинка перецалда жаниб лъела ва берцинго хьагинир сокIкIила.



5. Сметана дагьабго лъелъ билъинабила (сметанаялъул бакIалда хIалтIизабизе бегьула помидоралъул сок яги цIияб гIисин гьабураб помидор). Гьедин гьабулеб бугони хурдузул нах цIикIкIинабизе ккола перецалде тIеze ккола.

6. 15 минуталъ хIохьлада лъела.

## Кабачкабазул котлетал

Босила 500 гр. кабачкаби, 1 хоно, 1,5 кIудияб гьуд ханжу, 2 гьуд хурдузул нах.

1. ЧIахIияб теркаялъ лъулала кабачкаби, цIам рекъезабила ва тела 10 минуталъ.

2. Хадуб къанцIвила, чIехьела хоно, ханжу ва лъикIго жубазабила.

3. Гъудалъ гьелъул гарал лъела бухIизабураб хурдузул нах бахараб ялгъвиниб ва кIиябго рахъалъ режизарила.

4. Кваназе кьелалде котлетазде бала гIиссинго буссараб гIурччинлъи



## Нисдалъ блинчикал

Нису – 200 гр., изюм 1 кIудияб гьуд, 1 хоно, тIагIамалда рекъон чакар.

1. ГIаммаб рецепталда рекъон тIеренал блинчикал гьарила.

2. Нису, хоно, чакаралъул ханжу, кишмиш жубазабила, нисдал батIаго гарал хутIиларехулъ.



3. Начинка лъела блинчиказда жаниб ва жемила. Гьел гьаризе бегьула бокьараб начинкаги жаниб лъун.